

# EPIZÒD : FATRA

MO JODI A : FATRA

## REZIME EPIZÒD LA



Zando ankouraje timoun yo netwaye lakou a ki plen ak fatra. Yo bale fatra yo epi fè plizyè pil ak yo: fatra pou resikle, fatra pou resèvi, fatra pou jete ak fatra pou konpòs.



Jòji ak de (2) kamarad klas li yo al vizite yon sant transfòmasyon plastik. Pwofesè yo a akonpanye yo. Yo aprann anpil sou pwosesis pou transfòme plastik an twal, chèz, mayo, tenis, ak lòt materyèl.

## POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Ki twa fason ou aprann ou ka jere fatra ?
4. Ki jan ou panse ou ka ede kominote w rete pwòp ?

# FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

## 1. Redui, Resèvi, Resikle fatra

**Objektif :** Timoun nan ap kapab idantifye fatra yo ka redui, resèvi ak resikle.

**Materyèl :** Tablo, lakrè (oubyen makè)

**Dire :** 20 minit

**Etap 1 :** Desinen yon gwo poubèl sou tablo a.

**Etap 2 :** Fè yon tablo ak twa kolòn pou twafason yo jere fatra yo: Redui, Resèvi, Resikle.

**Etap 3 :** Fè klas la fè 2 gwo gwoup.

**Etap 4 :** Mande premye gwoup la jwenn non kèk fatra yo konn jwenn nan poubèl. Ekri non sa yo nan poubèl sou tablo a.

**Etap 5 :** Pou chak non fatra timoun yo premye gwoup la jwenn, lòt gwoup la ap di ki sa yo ka fè avè l (Redui, Resèvi, Resikle) epi bay yon egzanzp lè sa posib.

**Men yon lide :** Bidon dlo. Yo ka resèvi ak li pou mete dlo/ Yo ka resikle l pou fè mayo.



## 2. Rakonte istwa

**Objektif :** Timoun nan ak kapab rakonte yon istwa angajan ki lye ak jesyon fatra.

**Materyèl :** Gwo fèy blan, kreyon

**Dire :** 20 minit

**Etap 1 :** Mande timoun yo fè gwoup 3.

**Etap 2 :** Bay chak gwoup 2 gwo fèy blan.

**Etap 3 :** Mande yo fè desen yon zòn ki nan yon premye tan sal, ak yon lòt desen kote zòn nan vin pwòp.

(Chak desen sou yon fèy blan.)

**Etap 4 :** Mande yo rakonte yon istwa sou zòn yo desinen an, kòman li te fè sal e sa k fè li rive vin pwòp konsa.

## 3. Konstwi ti machin

**Objektif :** Timoun nan ap kapab resèvi ak boutèy plastik pou konstwi yon ti machin jwèt.

**Materyèl :** 1 Boutèy plastik, 4 bouchon boutèy, 2 ti fè sèsò menm longè, tep, sizo, fisèl, segman dokimantè epizòd Pwosesis

**Dire :** 25-30 minit

**Etap 1 :** Mande timoun yo vin ak materyèl yo lavèy. (boutèy plastik vid, 4 bouchon, fisèl, fil fè). Li ta bon pou anseyan an rasanble materyèl sa yo tou pou si gen timoun ki manke.

**Etap 2 :** Pase segman epizòd Pwosesis pou timoun yo wè modèl machin yo pral fè a, epi konprann pwosesis y ap gen pou suiv pou fè l.

**Etap 3 :** Revize pwosesis la ak timoun yo. Asire tout timoun gen materyèl nesèsè yo.

**Etap 4 :** Asiste timoun yo nan suiv etap yo pou fè ti machin nan.

